



U.S. FOOD & DRUG  
ADMINISTRATION

# Mamograms

Yon mamogram se yon dòz fèb reyon-x ou pran nan tete.

## Poukisa mwen dwe fè youn?

**Mamogram ka ede sove lavi.** Mamogram se toujou meyè mwayen pou dekouvri kansè nan tete. Li ka ede dekouvri ti boul ki twò piti nan tete a ke fanm nan pa ka santi anba men li oswa anba men doktè li.

Mamogram pa ka jwenn tout pwoblèm. Konsa, chak fanm dwe travay ak doktè l pou li ka tcheke tete l. Rele doktè w oubyen klinik ou si-w ta wè chanjman nan tete w tankou:

- Yon boul
- epèsman
- likid ap soti nan pwent tete a oswa chanjman
- nan fason pwent tete a sanble

## Kòman yon Mamogram fèt?

- Wap bezwen retire chemizak soutyen ou.
- Wap kanpe devan yon machin radyografi.
- Tete ou ap plase sou yon ti platfòm.

- Yon plak an plastic klè ap peze desann sou tete a pou kèk segond. Gen kèk fanm ki di ke yo pa santi yo alèz avèk presyon an, men pifò fanm pa santi li fè mal.
- Teknisyen an ap pran plisyè foto tete a.
- Apre sa, yon espesyalis ap gade radyografi a pou wè si gen chanjman nan tete a.

## Kòman map jwenn rezilta yo?

Ou menm ak founisè swen sante ou ta dwe resevwa yon rapò alekri sou rezilta yo nan lespas 30 jou apre ou fini fè mamogram nan.

- Rele si ou pa jwenn rezilta yo. Pa panse ke tout bagay nòmal.
- Ou gen dwa pou jwenn foto radyografi mamogram orijinal yo.

## Kisa FDA fè?

FDA sètifye kote ki fè mamogram nan U.S. Se yon lwa ki rele Lwa Kalite Nòm Mamografi (Mammography Quality Standards Act (MQSA)).

FDA enspekte fasilite yo ak tout moun kap travay nan yo.

## Kòman m ka konnen si plas mwen an sètifye?

FDA gen yon lis tout kote ki sètifye ke ou ka fè yon mamogram tankou:

- Ofis doktè
- Klinik
- Lopital
- Sant Radyografi
- Kamyonèt Mobil

Pou ka jwenn yon kote ki sètifye ki tou pre w, ale sou sit entènèt FDA a epi mete kòd postal ou.

[www.fda.gov/findmammography](http://www.fda.gov/findmammography)

## Kisa yon mamogram dijital ye?

Yo rele mamogram dijital 2D oswa 3D. Mamogram dijital itilize yon òdinatè ansanm avèk reyon-x pou fè ak montre foto tete yo. Yo pran foto yo menm jan ak mamogram regilye. Mande etablisman w lan pou wapran plis sou sa.

## Ki lòt bagay mwen ta dwe konnen anvan mwen fè yon mamogram?

- Pa mete dezodoran, pafen, losyon oswa poud anba bra w oswa sou tete w nan jou egzamen ou an. Li ka parèt nan radyografi a.
- Di klinik la si ou gen enplantasyon nan tete w lè ou mete randevou a. Yo ka bezwen pran plis foto pase yon mamogram regilye.
- Di klinik la si ou gen andikap fizik ki ka fè li difisil pou w chita, leve bra w oswa mete rad sou ou. Epitou fè yo konnen si ou itilize yon chèz woulant oswa yon lòt machin ki gen de wou yo.
- Pale avèk pèsònèl la sou kòman yap jere kesyon sou modesti ou ta genyen akòz de relijyon ou.

## Osi ou ta dwe chache wè sètifika FDA MQSA a nan fasilite w la.



(Biwo FDA pou Sante Fanm) FDA Office of Women's Health te devlope fèy infòmasyon sa a. Pou w jwenn lòt resous sou sante fanm, ale nan

[www.fda.gov/womens](http://www.fda.gov/womens)